

Pawòl ko-edite yo

Kénel Délusca

Gen anpil moun ki kwè chanjman klimatik *anthropique* (antwopik) yo, se yonn nan pi gwo defi pou anviwonman an ak pou sosyete a, ki kanpe dyanm devan limanite epi ki ap toujou la. Pwoblèm san parèy sa a pa genyen fontyè, li pa genyen limit jewografik. Prensipal kòz li sòti nan boule tout kalite materyèl ki genyen kabòn ladan yo epi nan koupe pyebwa san rete. Chanjman klimatik yo mache prensipalman avèk yon ogmantasyon tanperati a sou latè, ogmantasyon nivo lanmè a, ansanm ak chanjman nan sistèm presipitasyon atmosferik yo (lapli, lanèj, lagrèl, elatriye). Yo mache tou avèk yon dal evènman meteyolojik ekstrèm. Kalite chanjman sa yo pa respekte ni rejyon jewografik, ni sektè sosyo ekonomik. Anfèt, nan rejyon polè yo, genyen glas yo ki ap fonn epi *pergélisol* la (pèjélisòl) ki ap deje. Tout sa se yon seri faktè ki vin konplilke lavi moun, ki ap viv nan kominote sa yo, epi ki konte sou kondisyon sòl la pou yo viv. Nan rejyon ekwatoryal yo epi nan rejyon ki nan latitud ki pa ni twò wo ni twò ba yo, sektè ekonomik ki depannde resous natirèl sa yo ak kondisyon klimatik sa yo twouve yo nan sitiyasyon kote yo mete fonksyonman yo epi menm ekzistans yo an danje. Devan eta dega chanjman klimatik yo genyen, oubyen yo kab genyen, sou sistèm sosyo ekolojik yo nan peyi devlope yo, ki se prensipal responsab pwoblèm lan, kou nan peyi ki sou wout devlopman yo, jeneralman ki plis kab viktim anba sitiyasyon sa a, kominote tout nasyon sou latè yo, apati Konvansyon Kad Nasyonzini sou chanjman klimatik yo (CCNUCC an franse) ansanm ak *instrumentaux* millinasyon konèks yo, ta sanble, daprè nou, konprann nesosite pou yo mete sou pye yon kad repons global ki kab toke kòn ak pwoblèm lan.

Sepandan, konsantrasyon prensipal gaz ki pwodui efè sèr la (GES), ki kreye chanjman klimatik yo, kontinye ap ogmante. Sa lakòz posiblite pou limite ogmantasyon tanperati a anba 1,5 degre *Celsius* (Sèlsiyis) vin pi piti toujou parapò ak jan sa te ye anvan peryòd

endistriyèl la. Daprè rapò espesyal ki fenk soti nan Gwoup ekspè entègouvènemantal yo nan mwa oktòb ki sot pase a nan Kore disid, si nou vle pou rechofman planèt la rete anba nivo nou mansyone pi wo a, nou dwe diminye, san gade dèyè, emisyon GES yo lè nou ap apwoche ane 2030. Konsa, nou kab di genyen yon chans pou sa chanje! Nou kab evite yon katastwòf si nou ogmante anbisyon nou genyen pou redui pwoblèm lan pi ba pase sa ekspè yo te ekzije a, ki deja parèt nan kontribisyon yo te prevwa ki rantrè an vigè nan nivo nasyonal la (CPDN an franse). Se sa ki te parèt anvan COP21 an nan vil Pari. Tout moun konnen ki chemen yo dwe suiv pou yo rive la. Rapò nou prezante pi wo a endike yon seri aksyon diferan nou dwe pran nan sans sa a. Pi gwo kesyon an se: Pouki sa nou pa suiv chemen sa yo pandan nou genyen chans lan?

Se avèk lide sa a, tout atik ki parèt nan kaye tematik sa a te ekri. Atik ki nan nimewo sa a pibliye avèk lide pou yo pote kèk eleman solisyon oubyen pou yo ankouraje deba sou pwoblèm lan avèk lide pou nou jwenn wout, nou kab suiv pou nou rive nan yon devlopman, kote nou va itilize mwens kabòn epi pou nou devlope bon jan rezistans devan kondisyon klimatik difisil yo.

Atik **Raoul Vital** la bay kèk pwopozisyon ki pou pèmèt nou reponn kòrèkteman si ta genyen yon sitiyasyon kriz anviwonmantal sou tè Ayiti. Atik la ban nou tou yon konpreyansyon, ki esplikè distans ki genyen ant sistèm enstitisyon yo epi konpleksite kriz sa a. Atik **Joseph epi Saffache** la fè yon revizyon sou eta sitiyasyon ekosistèm forè yo, ki pi enpòtan sou teritwa a epitou atik la etabli yon lyen ant prezans ekosistèm sa yo epi klima a avèk lide pou nou pwoteje byodivèsite a epi konbat chanjman klimatik yo sou tè Ayiti. Nan ka atik **Nadeau ekri ak kolaboratè** li yo, nou jwenn yon deskripsyon enpòtans forè yo epi agwo forè yo ansanm enpòtans valorizasyon fatra òganik yo an Ayiti nan pwosesis devlopman yon ekonomi vèt, ki kab reziste dvan chanjman klimatik yo. ■